



ANTOLOGI PARIKAN JOWO

LestariKno Budhoyo
Parikan Jowo



LESTARIKAN BUDAYA MELALUI PARIKAN JOWO

Buku ini merupakan kumpulan karya siswa SMP Negeri 4 Surabaya yang berisikan Parikan Jowo. Karya ini dalam rangka melestarikan budaya Jawa Timur yakni Parikan.

Siswa Siswi SPENFORA

PRAKATA

Asalamualaikum Warranahtulahi Wabbarakatuh

;Alhamdulillah, meskipun dalam situasi pandemi dan para siswa harus belajar dari rumah tetapi masih bisa berkarya melalui parikan-parikan yang kreatif dan inspiratif melalui buku ini.

Buku adalah bagian dalam mengembangkan kualitas siswa dalam melestarikan budaya khususnya budaya Jawa, sehingga dapat dijadikan sebuah bagian untuk menjunjung kebudayaan sendiri. Buku juga dapat dijadikan peninggalan atas apa-apa yang pernah kita lestarikan dalam budaya.

Semoga tulisan para siswa SMPN 4 Surabaya melalui buku ini dapat menginspirasi pembacanya.

Wasalamualaikum Warranahtulahi Wabbarakatuh

Kepala Sekolah

Drs. Moch. Kelik Sachroen Dj, M.Si.

SAKINAH LYTTO SYAHRUM ARMINSA

7A/35

**Di kumuh lan di kunyah,
Assalamu'alaikum semuanya.**

**Esuk esuk tuku kembang,
kembange jenenge melati
wes kadung sayang
Iha kok ngelarani**

Noval alindra saputra

7A/30

Pamit lungo menyang seturan

Jabule dolan nang palagan

Senajan ati lagi kelaran

Tangi saur kudu tetep jalan

Nggawa takir isi gule,

mangat kupat lawuh babat

Aja mikir awake sheer,

delengen rakyat kang mlarat

Aditya Verdianu

7A/2

**Mlaku mlaku nag Tanjung Anom
Ayo konco podo jogo kesehatan
Mugo mugo covid 19 ndang ilang...**

**tuku wedus tuku kadal
lek wes adus ayo budal**

Ahmad andhika alfarisi

7A/4

Nang dampit ketok umbol umbul

Mangan telo ambek lesehan

Onok penyakit covid g isok kumpul kumpul

Ambek konco konco ndok sekolahan

Annabelle Evangeline Geraldine Mantiri Yo

7A

**Dadi Wong tuwo seng sadar lek dadi
contoh,
dadi wong enom seng legowo nglakoni
nasehat wong tuwo.**

**Anak seng rajin dadi wong penting,
anak seng males uripe genting.**

**Percoyo dukun lak dadi klenik,
percaya seng nang duwur lak dadi menik-
menik.**

**Kabeh uwong iso ngekei nasehat,
gak kabeh uwong isok nglakoni nasehat.**

ZAHRANI NOVIANTY

7B

**Awan-awan mangan lempur
Mangan'e disambi nggambar
Lek sampean pingin pinter
Rajin o belajar**

AZIZAH FITRI ROBBANIYAH

7B

Mundut kopi mundut gulo

Mundut sego nang warung sederhana

Ayo kito belajar boso Jowo

Kaliyan guru kito Bu Inma

Dino sabtu mlaku-mlaku

Mlakune karo karo sopo?

sik enom ojok males Sinau

cek iso mbanggakno wong tuwo

Muhammad Nafis Nawafil

7B/ 24

Lek lungo mampit kutho ngawi

Nang kono onok sarirogo

Tolek ilmu Kanggo kepentingan duniawi

Ugo penting kanggo Kepentingan surgo

Ammauri Iqbal Alfauzi

7B

Kiro Kiro Dianggep Maling

Aku Mlayu Sipat Kuping

Aku Nylentung Nak Mburine Jeding

Asu Tak Sawat, Dadak Kaing Kaing

SALMAN RASYID

7C/37

**Jaranku mencak-mencak nang taman
Aranku Cak Salman.**

**Mangan kupat nggarai lemu....
SMP papat nggone golek ilmu.**

**Iwak sepat tuku nang Pati.....
SMP papat tetep nang ati.**

DANICA EGALITA ADLIYAH RODITA

7C

**Ibu tindak ing peken tumbas iwak patin
Dimasak kangge bekal sekolahe nana
Wijik asta secara rutin
Supaya kehindar teko Virus Corona**

**Tindak ing peken bareng Dina
Menyang peken amarga kepingin
Menawa kowe ngeroso lara
Perikso ing dokter secepat mungkin**

ALLEA MALLIQA IRAWAN

7C

**Tuku klanthing ning pasar paing
Ojo lali cucur, bolu karo lemper
Ojo pusing lan ojo pening
Pokok jujur lan sregep sinau
Pasti dadi wong kang bener lan
pinter....**

LANNA DAFNA AYUNDHITA

7D

Pengen ngombe nganggo gelas

Jaluke teh karo susu

Nek kowe pengen munggah kelas

Yo kudu rajin sinau

RIQUELMEE RAMADHAN

7C

Lungo warung tuku jamu

Persen limo hari siji

Nek aku marang sliramu

Opo Yo kudu seloro iki

Maulana Atha

7D

Legi legi gula Jawa

Gula Jawa ne onok sanga

Hee..para konco konco

Ayo podo ngelestarike budaya

Rangga Ariska Putra

7D/31

**Sayur bening sambel tomat
sugeng enjing mugi tansah sehat**

**Tumbas sukun, tumbas blewah
Urip rukun, mesti bungah**

Sheril Audrey Aisya'Bani

7D/38

Klenik klenik jajan berubi

Gak katik gulo gak onok rasane

Cilik cilik akal akal rabi

Ditarik blonjo kumat ayan'e

Lola Conita

7D/19

**Nunut leren ning pengger sawah
Kowe ngajak balen aku wes wegah**

**Tuku kacang nang blauran,
Konco sing sayang ojek tukaran**

FARAH FEBRINA AZ ZAHRA

7D

Lungo warung toko jamu

Pesen limo gari siji

Nek aku tresno marang sliramu

Opo yo kudu seloro iki

LANNA DAFNA AYUNDHITA

7D

Pengen ngombe nganggo gelas

Jaluke teh karo susu

Nek kowe pengen munggah kelas

Yo kudu rajin sinau

BREHMIA CINTA RADU KASIH

7D

**Sego pecel iwak jaran,
Tuas pegel gak bayaran**

**Jangan lodeh iwak kentang,
Nyambut gawe ledeh gawe nyaur untang**

**Iwak betik ake rine,
Rambut brintik akeh dhuwek e**

**Bayem rine,
Ayem atine**

**Gresik Suroboyo,
Kala disek ojok ngersulo**

**Es lilin dowo-dowo,
Tuas salin gak digowo**

**Jager Wonokromo,
Nek ngejak geger ngomongo**

Renatha Aryaputra Ridwan

7E

**Pring gading Seko trenggalek,
Sugeng enjing Poro sederek**

Pak lek kaji budal longo

Lungone nang suroboyo

Hey poro konco

Mugi-mugi waras sedoyo

Ahmad Fadil

7E

**Dadi manungsa urip ng donya
ojo lali sholat lan ngaji.
Sebab sholat lan ngaji
gawe sangune mati**

KIRANA FITRI SAZYULI

7F/17

Tuku klambi nang pasar gasoronyo.

Ojo lali tuku sate pak joni.

Yen kepingin seneng nang dunyo.

Yo sholat sing dilakoni.

Risma Ayu Melanie

7F/35

Saiki bahasa,mangke IPA

Aku wis teka,kowene lunga

Kota sampang pulo meduro

Lek ngglempang ojo ngersulo

Muhammad Ridwan Surya putra

7F/26

**Maring Sawa, angin Meri
pengen gagah, dadi santri**

**Pinggir laut akeh geni
Ndang nyaut nek ditakoni**

Masyitha Juliana Purbaningrum

7F/21

Mlaku mlaku bareng tonggo

Mlaku sampek nak prapatan joyoboyo

Aku seneng lan bonggo ..konco

Mergo iso sekolah nak SMPN 4 SUROBOYO

Al Rizky Tito A.S

7G/05

Mangan sego pecel iwak e empal daging jaran

Tiwas nyambut gawe pegel ora tau nompo bayaran

lungo kaji nggowo sembako

Lek sugih ojo lali sodakoh

ZAHRAH ZERLINDA WIGITA PUTRI

7G/41

**bengi bengi tuku ronde
rasane anget lan enak neng awak
yo konco ojo lali podo nggawe masker ben
corona gak wani melbu nang jero awak**

STEVANIE SALSABILA

8A/41

Wonokromo kaline deres

Nedo nerimo pangeran sing mbales

Tuku areng nang pacar keling

Klambi ireng marai pangling.

Kayla Renata

8A/30

**Godhong gedhang taring ariane klaras
Lak sinau daring ojo males**

**Anak kethek arane munyuk
Dadi bocah ini seneng mbujuk**

Zoe Dieudonne Mantiri Yo

8A/43

**Jaka sembung bawa golok,
wong ganteng ojok ngolok-ngolok.**

**Cah ayu seneng duren,
nek ayu ojok gak keren.**

**Seng kaya seng akeh gayane,
seneng srikaya akeh tumbase.**

**Seng wani darah merdeka,
seng mati demin kemerdekaan Indonesia.**

**Tuku duku nang pasar kembang,
aku kudu rajin belajar.**

**Ojo ngomong anak sregep,
wong garap PR ora greget.**

**Online nang omah karo komputer,
mama nesu karo aku yen gak pinter.**

**Muter otak mikir jawabane PR
yen endas pusing garap PR**

Katarina Devi Dhurandhari Hayun Gupita

8A

Saiki musim panen kedondong

Dadi wong Ojo sombong

Arek cilik dolanan gundam

Dadi wong ojo dendam

Tumbas kopi nang pasar turi

Dadi wong ojo iri

Gilang Putra Ramadhan

8B

Wonokromo udan deres

Matur nuwun pangeran seng bales

Wak kaji slametan

Gusti siji nggae pujian

Miftakhul khoir

8C

**Bajol kali nguber kancil,
Kancil melayu menyang tengah taman
Suwe kenal kowe ket cilik
Nganti dewasa tetep kanca**

Fadirra Fasa Aulia Niswa

8D

Yen awakmu munggah pager

Ojo karo mlayu

Yen awakmu pingin pinter

Yo kudu sinau

Geni abang geni biru

Ayo kang golek ilmu

Muchammad Syawal Anugrah Kusuma

8D

Tuku sewek milih Seng peteng

Wes tuwek Bolak balik meteng.

Kedung cowek Kedung turi

Wong tuwek kudu dihormati

Dwi putra dermawan

8D

Tuku Roti Nang Philipina

Aku Karo Tuku Uyah

Ati Ati Rek Karo Virus Corona

Iku Ngonon Virus Berbahaya

Terus Nang Kota Baru Tuku Sepatu

Aku Nukokno Yu Yurimah

Nek Gak Ono Perlu Gausa Metu Metu

Wes Menengo Ae Nak Omah

Adi Tri Juniarto

8D

Nang pasar tuku gethuk

Karo tuku dodol

Yen ora gelem sinau

Koe bakal bodho

Blauran cedek bubutan

Wonokromo gunungsari

Golek cewek ojo rebutan

Seng kuoso wes njanjeni

Nanda Aisyah

8F

Wayae saor isuk-isuk

Melu ibuk nak pasar

Ayo podo sinau rek

Ben gampang belajar

Bima Saktiawan

8F

**Mangan ati lombok telu
Ojok lali sinau**

**Tumbas kuah karo sego
Lek kalah kudu legowo**

Nur Fiansyah Putra Nugroho

8F

**tuku gedang nang pasar Pati
oleh dagang ora oleh bati**

**dagangane jamu kencur
jamu kencur coklat warnane
lek koncoan seng akur
ben tentrem sembarange**

Tatiana Chernysheva

8G

Mangan soto...campur lontong...

Karo dulur iku yo... saling nulung...

Mangan tahu karo petis

Petise werno ireng

Karo wong ojo bengis

Malik rupo ojo mencureng

Muhammad hitary mahesa bhirawa

8J

Isuk ipun dahar kentang

Nangispun ngemis ngemis

Sengsoro ra ndue yang

Bengine gelo nangis

Dea Ayu Setiyowati

9C

**Buah Kedondong ning samping penyu
Gak popo ompong sing penting ayu**

**Kripik tempe campur sambel
Noto uripe karo ndagel**

Faira Fidelia Novatiara

9H

**Potlot bundhel kari thithik
Jare kendel lha kok gocik**

**Pensil abang coret buku
Ayo bang sinau**

LARAS AYU DWYANTORO

9H

Sore sore neng ngarep omah

Neng ngarep omah nandur wit melati

Cukup aku Bae seng ngalah

Terimo mundur timbang loro ati